

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa unsur nu penting dina kahirupan manusa. Ku ayana basa, manusa bisa silih komunikasi jeung papada manusa séjénna. Minangka alat komunikasi, tangtuna basa téh miboga udagan pikeun nepikeun pesen ti panyatur ka pamiarsa atawa ti nu nulis ka nu maca. Ku kituna, dina prosés komunikasi bisa ngaliwatan dua cara nya éta lisan jeung tulisan. Ilaharna, komunikasi ngaliwatan lisan mah dipaké pikeun ngobrol dina kahirupan sapopoé jeung manusa séjénna. Ari komunikasi ngaliwatan tulisan mah ilaharna dipaké pikeun nepikeun informasi ti pangarang, contona surat pribadi, warta, pedaran ngeunaan hiji hal, atawa bisa ogé karangan/karya sastra, jsb.

Dina wangun kabasaan, aya opat komponen kaparigelan nu biasa ku manusa dipaké, di antarana nya éta kaparigelan nulis. Ari kaparigelan nulis téh sipatna produktif, hartina ngahasilkeun hiji karya. Ieu karya téh mibanda hasil tina pikiran, ide, gagasan pangarangna.

Kaparigelan nulis téh ilaharna geus jadi hal biasa nu dipilampah ku para siswa nu keur nyuprih élmu disakola. Siswa bisa ngébréhkeun pamikiranana ngaliwatan tulisan. Ieu tulisan téh bisa mangrupa karya ilmiah atawa nonilmiah. Ari karya ilmiah téh umumna karya nu ditulis ngagunakeun basa nu baku atawa formal, contona makalah, warta, laporan peristiwa, jsb. Sedengkeun karya anu nonilmiah nyoko kana karya nu ditulis sacara sastrawi, contona novél, carita pondok, jsb.

Dina prak-prakanana, nulis téh teu sagawayah nyatetkeun sakahayang kumaha panulis. Tangtuna aya kaidah-kaidah nu kudu diperhatikeun nalika nulis, luyu jeung nu diébréhkeun ku Setyawati (2010, kc. 2) yén dina dasarna, basa tinulis téh pakait jeung kaidah-kaidah kabasaan saperti éjahan, susunan, sistematika, jeung téhnik-téhnik karangan.

Dumasar pedaran di luhur, bisa katitén yén éjahan téh mangrupa salasahiji unsur nu penting nalika nulis. Hiji karya bisa kaajén alus nalika éjahan nu dipakéna geus merenah sarta luyu jeung aturan panulisan karya. Tapi, masih loba kénéh para

siswa nu tara merhatikeun kana éjahan, pangna dina ngabédakeun aksara vokal *é*, *e*, jeung *eu*. Nurutkeun panalungtikan nu geus ditalungtik ku Jubaidah (2014, kc. 73) yén kasalahan nu panglobana nalika siswa nulis téh aya dina kasalahan makéna aksara. Jumlah kasalahanana aya dina 101 kasalahan, lolobana dina makéna aksara vokal *é*, *e*, jeung *eu*. Ieu pasualan téh bisa kawilang *fatal* pisan, lantaran nalika salah nuliskeun aksara vokal *é*, *e*, jeung *eu* bisa ngabalukarkeun multitafsir antara nu nulis jeung nu maca. Contona dina kecap *jejer* jeung *jeujeur*, éta dua kecap téh miboga harti anu béda. Ari kecap *jejer* miboga harti lulugu caritaan, atawa kokolot nu dipercaya, sedengkeun kecap *jeujeur* mah miboga harti pakakas paranti nguseup lauk.

Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, Universitas Pendidikan Indonesia geus nyusun aturan nulis éjahan basa Sunda dina buku “*Palanggeran Éjahan Basa Sunda*” nu geus medal ti taun 1989 tuluy di révisi dina taun 2008 jeung 2017. Eusi ieu buku téh ngawengku aturan nulis éjahan dina makéna aksara (aksara abjad, vokal, konsonan, aksara gedé/kapital, condong, jeung kandel), nuliskeun kecap, tanda baca, jeung cara nuliskeun unsur serepan. Ieu buku téh tuluy dimekarkeun deui kana téhnologi aplikasi nu *berbasis* android dina taun 2022 nu geus bisa diaksés jeung didownload dina *Playstore*.

Kasalahan-kasalahan ngeunaan éjahan basa Sunda téh remen kapanggih pisan dina pangajaran basa Sunda di sakola, boh kapanggih dina pancén-pancén nu dibérékeun ku guru atawa nalika siswa ngedalkeun kalimah/kecap basa Sunda dina prosés nyarita. Udagan dina ieu panalungtikan téh dihususkeun pikeun nalungtik kasalahan éjahan siswa dina karangan narasi kaulinan barudak nu aya di kelas VII luyu jeung kurikulum tingkat daerah muatan lokal. Ari narasi kaulinan barudak téh mangrupa tulisan dina wangun lancar anu medar ngeunaan hiji perkara hususna ngeunaan kaulinan barudak.

Panalungtikan ngeunaan éjahan basa Sunda téh geus sababaraha kali ditalungtik, diantarana (1) “Analisis Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas XII MAN Jonggol Taun Ajaran 2012/2013” nu ditalungtik ku Sylvi Fauziah R. (2013); (2) “Kasalahan Éjahan Dina Nulis Warta Siswa Kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014” nu ditalungtik ku Ida Jubaedah (2014); jeung (3) “Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Nulis Wawaran

Siswa Kelas VII SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016” nu ditalungtik ku Fitria Lidiasari (2016). Sasaruana dina panalungtikan saacaanna jeung panalungtikan nu ayeuna nyaéta sarua medar jeung nalungtik ngeunaan éjahan basa Sunda nu aya di sabudeureun sakola. Tapi, nu jadi pangbéda tina ieu panalungtikan téh nyaéta objék nu ditujuna mangrupa siswa kelas VII SMPN 9 Bandung, dina matéri narasi kaulinan barudak. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé maluruh faktor nu mangaruhan siswa kana larapna kasalahan éjahan basa Sunda.

Dina panalungtikan Jubaidah (2014, kc. 72) katitén yén kasalahan siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014 dina nulis éjahan téh panggedéna aya dina kasalahan nuliskeun makéna aksara. Tingkat kasalahanana aya dina angka 43,37%. Ari dina panalungtikan Lidiasari (2016, kc. 129) kasalahan siswa kelas VIII SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 dina nulis éjahan téh panggedéna sarua aya dina kasalahan nuiskeun makéna aksara. Tapi, tingkat kasalahanana aya dina angka 33,78%. Ku kituna, ieu panalungtikan diayakeun téh pikeun maluruh sakumaha kasalahan dina nuliskeun éjahan karangan siswa kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023.

Nimbang yén éjahan basa Sunda téh penting pisan dipaké nalika nulis hiji karangan, ku kituna pentingna ieu panalungtikan diayakeun téh nyaéta pikeun maluruh kasalahan éjahan siswa kelas VII SMPN 9 Bandung dina nuliskeun karangan narasi kaulinan barudak. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan ogé miboga udagan pikeun maluruh faktor nu mangaruhan siswa kana larapna kasalahan éjahan basa Sunda. Mangkana, ieu panalungtikan téh dijudulan “Kasalahan Éjahan dina Karangan Narasi Kaulinan Barudak Siswa Kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sacara gemblerng masih réa kénéh siswa anu salah dina makéna éjahan, buktina masih loba kénéh kapanggih kasalahan éjahan dina karangan séjén siswa tina panalungtikan saacaanna. Ku kituna ieu panalungtikan téh baris maluruh sarta medar ngeunaan kasalahan éjahan dina karangan narasi kaulinan barudak nu ngawengku makéna aksara (aksara abjad, vokal, konsonan, aksara gedé/kapital,

condong, jeung kandel), nuliskeun kecap (kecap asal, rundayan, rajékan, kantétan, gabungan kecap, sulur, sulur panyambung, pangantét, panganteb, sesebutan, ngarucat kecap, wacahan/singgetan, angka jeung lambangan bilangan), tanda baca (titik, koma, titik dua, titik koma, geret, pisah, élipsis, tanya, panyeluk, kurung, kurung siku, kekenteng, kekenteng tunggal, gurat condong, panyingget/apostrof), jeung cara nuliskeun unsur serepan. Sajaba ti éta, dipedar ogé faktor nu mangaruhan siswa kana éta kasalahan éjahan. Nilik yén éjahan basa Sunda téh kawilang penting pisan dilarapkeun nalika nulis, ieu panalungtikan téh ngahudangkeun panalungtik sangkan nalungtik kasalahan éjahan nu aya di siswa kelas VII SMPN 9 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, bisa dipetakeun ngaliwatan kalimah pananya nu diébréhkeun ieu dihandap.

- a. Kasalahan éjahan naon waé nu kapanggih dina karangan narasi kaulinan barudak nu ditulis ku siswa kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023?
- b. Faktor naon waé anu mangaruhan siswa dina nuliskeun kasalahan éjahan karangan narasi kaulinan barudak siswa kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun meunangkeun kasalahan éjahan basa Sunda jeung faktor nu mangaruhan siswa kelas VII SMPN 9 Bandung nalika ngalarapkeun éjahan dina karangan narasi kaulinan barudak taun ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun maluruh sarta ngadéskrripsikeun:

- a. Kasalahan-kasalahan éjahan basa Sunda nu kapanggih dina karangan narasi kaulinan barudak siswa kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023 nu ngawengku kasalahan makéna aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan makéna tanda baca, sarta kasalahan cara nuliskeun unsur serepan.

- b. Faktor nu mangaruhan siswa kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023 nalika nulis kasalahan éjahan karangan narasi kaulinan barudak.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun :

- a. Ngajembaran sarta maham kana éjahan basa Sunda luyu jeung aturan nulis éjahan nu aya dina Palanggeran Éjahan Basa Sunda;
- b. Méré élmu pangaweruh ngeunaan cara maké aplikasi palanggeran éjahan basa Sunda sarta ngalarapkeunana nalika nulis hiji karya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat sacara tioritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat sacara praktis, nya éta:

- a. Pikeun panalungtik, bisa leuwih asak dina maluruh ngeunaan éjahan basa Sunda sarta bisa méré pangaweruhna ka jalma réa;
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan basa Sunda nalika nulis karangan narasi kaulinan barudak, ogé bisa jadi pieunteungeun pikeun mikanyaho kasalahan-kasalahan éjahan nu ditulis ku siswa kelas VII SMPN 9 Bandung taun ajar 2022/2023 sarta bisa ngabebenah atawa jadi bahan évaluasi pikeun pangajaran satuluyna;
- c. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan évaluasian diri sangkan nyaho kasalahan-kasalahan éjahan basa Sunda, sarta bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan palanggeran éjahan basa Sunda, ogé ngajadikeun motivasi pikeun ngalarapkeun éjahan basa Sunda nu bener nalika nulis;
- d. Pikeun masarakat atawa nu maca, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngahudangkeun kasadaran pentingna ngalarapkeun éjahan basa Sunda dina tulisan téh sangkan hiji karya bisa kaajén hadé. Ogé ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi diajar atawa pikeun bahan eunteungeun panalungtikan satuluyna.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil dina ieu panalungtikan disusun ngaliwatan lima bab, diantarana aya bubuka; ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir; métode panalungtikan; hasil panalungtikan jeung pedaran; sarta kacindekkan jeung saran. Ébréhna unggal bab dipedar ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina tiori-tiori ngeunaan éjahan, kaparigelan nulis, jeung karangan narasi kaulinan barudak. Tuluy panalungtikan saméméhna anu kungsi dilaksanakeun sarta rélevan jeung ieu panalungtikan. Ogé raraga mikir dina nyusun ieu panalungtikan.

Bab III Métode Panalungtikan. Eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan kasalahan éjahan dina karangan narasi kaulinan barudak siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023 sarta faktor nu mangaruhan siswa kana kasalahan éjahan basa Sunda.

Bab V Kacindekan, jeung Saran. Eusina ngeunaan kacindekan jeung saran tina ieu panalungtikan sarta kumaha rékomendasi keur panalungtikan ka hareupna.